



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU APWOBASYON PLAN DEPLWAMAN ENFRASTRIKTI POU VEYIKIL ELEKTRIK NEW YORK

"Byen bonè jodi a, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Etazini an [te anonse](#) ke li te apwouve Plan Deplwaman Enfrastrikti pou Veyikil Elektrik Eta New York la - yon etap enpòtan pou ede New York konstwi enfrastrikti rechaj ki nesèsè pou sipòte pi gwo itilizasyon veyikil elektrik yo epi pwoteje anviwònman nou an pou jenerasyon k ap vini yo.

Apwobasyon an, ki gen ladan jiska 175 milyon dola pou elaji rezo New York la, pral ede plis fasilite tranzisyon an nan veyikil zewo emisyon epi fè avanse objektif prensipal Eta New York la pou diminye emisyon gaz a efè sè, konbat chanjman klimatik, amelyore kalite lè a, bay benefis pou kominote defavorize yo, epi kreye travay ekolojik.

Mwen bat bravo pou Sekretè Buttigieg ak Administrasyon Biden-Harris pou aksyon rapid yo pou apwouve [Plan NEVI New York](#) la, epi mwen remèsye Senatè Schumer, Senatè Gillibrand ak tout delegasyon Kongrè New York la paske yo te adopte Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418